WO



# Rëddu baaraam ak Eurodac

**Leeral yu ñeel àrtikle 29 (3) bu Sàrti (UE) No. 603/2013 ñeel ñi bawoo ci réew yu néew doole yi wala ñu amul réew te nekk réew mu ci bokk te amu ñu këyit**

Soo nekkee ci etaa Dublin te amoo këyit[1], kilifa yi mën nañu jël say rëddi baaraam ba noppi yónnee leen ci kuréel giy denc njoxey rëddu baaraam yi di 'Eurodac'. Li ñuy doye rëddu baaraam yooyu du lenn ludul ngir xool ndax danga jota dugal feneen ay këyit ngir wut foo làqu. Duñu denc say njoxe rëddu baaraam ci baasu doney Eurodac, waaye sudee danga musoon a sàkku làqu ci meneen réew, mën nañu la delloo ci réew moomu.

Sudee ni ñu jëlee say rëddi baaraam leerul, amaana danga gaañ sa baraam te tayoo ko wala leneen dal ko, dañuy jëlaat say rëddi baaraam.

Genn kuréelu UE bu tuddu eu-LISA mooy doxal Eurodac. Deesul jëfandikoo say njoxe ci lenn lu yoon nanguwul. Sistem sàntaral bu Eurodac kese mooy jot ci say njoxe. Sudee danga dugal këyitu wut làquwaay ci beneen etaa Dublin ëlëg, say rëddi baaraam di nañu leen yóbbu itam ci Eurodac. Njoxe yiñ denc ci Eurodac kenn du leen jox yeneen etaa wala mbootaay yu bokkul ci etaa Dublin.

1) Réewi UE yépp a ci bokk (Autriche, Belgique, Bulgarie, Croatie, Chypre, République tchèque, Danemark, Estonie, Finlande, France, Allemagne, Grèce, Hongrie, Irlande, Italie, Lettonie, Lituanie, Luxembourg, Malte, Pays-Bas, Pologne, Portugal, Roumanie, Slovaquie, Slovénie, Espagne , Suède, Royaume-Uni) ak ñeenti réew yuñ 'boole' ci Sàrti Dublin (Norvège, Islande, Suisse ak Liechtenstein).

**©Mbootaayu Ëroop (UE) 2014**
**Mën nga ko duppi soo bëggee. Soo bëggee sotti wala jëfandikoo yenn nataal dangay dem ci booroom laaj ko mu may la sañ-sañ boobu.**



## Leerali jookoo yi

**Adres ak leerali kilifag daw làqu bi**
Bundesamt für Migration und Flüchtlinge (BAMF)
Frankenstraße 210
90461 Nürnberg
Tel.: +49 (0)911 943 0
Fax: +49 (0)911 943 10000
Email: service@bamf.bund.de

**Adres ak leeral yu ñeel the ndawul Eurodac**
Bundeskriminalamt (BKA)
65173 Wiesbaden
Tel.: +49 (0)611 55 0
Fax: +49 (0)611 55 12141
www.bka.de

**Su kilifa yi njortee ni danga doon wut foo làqu ci beneen etaa ba noppi mu am beneen etaa bu nekk di jàngat ak liggéey ci këyit yooyu nga dugal, ñoom dina ñu la jox yeneen leeral yu jëm ci yeneen doxalin ak naka lay sàmmoontee ak say yelleef.**

